



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 22 out 2013

GOUVÈNÈ CUOMO FÈ FOUNISÈ SÈVIS SOSYAL AK SANTE NEW YORK SONJE POU YO APLIKE POU \$200 MILYON NAN FON RETABLISMAN APRE SANDY

Dat limit la se 30 Out pou Aplikasyon pou Kouvri Depans epi Ede Repare ak Rekonstwi Enstalasyon

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te fè òganizasyon kap bay Nouyòkè sèvis sosyal ak sante sonje pou yo aplike pou \$200 milyon nan finansman ki disponib pou depans ak sèvis ki gen pou wè ak Sipè Ouragan Sandy. Dat limit pou aplike se vandredi 30 out epi òganizasyon ka aplike [isit](#).

Finansman federal la, Gouvènè a ak Delegasyon Kongrè Eta a te jwenn apre Sandy a, disponib pou kouvri depans nesesè apre pasaj siklòn lan, tankou sèvis sosyal, sante ak sante mantal pou endividi, ak pou reparasyon, renovasyon ak rekonstriksyon etablisman swen sante, etablisman ijyèn mantal, etablisman swen timoun ak lòt etablisman sèvis sosyal. Fon SSBG a ka sèvi pou ranbouse founisè pou sèvis yo bay pandan ak apre Sandy ak tou pou depans fiti ki gen pou fèt pou satisfè bezwen Nouyòkè ki te viktim nan siklòn lan toujou genyen.

“Founisè sèvis sosyal ak sante Eta New York te sove lavi moun touswit apre pasaj Sandy epi kontinye rete esansyèl pou kominote yo retabli anba siklòn lan,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Mwen mande tout òganizasyon kap founi sèvis esansyèl pou Nouyòkè tanpri aplike pou fon federal sa yo pou yo ka kontinye bay asistans vital pou rezidan eta ki pi vilnerab yo.”

Pou satisfè bezwen founisè sèvis sante ak sosyal esansyèl ak popilasyon y ap sèvi yo, Gouvènè a te anonse nan mwa jiyè New York pral distribiye \$200 milyon nan finansman Superstorm Sandy Supplemental Social Services Block Grant (SSBG) federal atravè yon demann piblik ak transparan pou pwopozisyon. Aplikan ka chèche lajan pou:

- Depans ki pa ranbouse pou reparasyon, rekonstriksyon ak renovasyon enstalasyon pou founisè swen timoun ak etablisman sante ak ijyèn mantal, sant pou tigranmoun ak enstalasyon ki menm jan; ak lòt etablisman sèvis sante ak sosyal pou fè fas ak Sipè Ouragan Sandy, tankou tou mezi pou fè enstalasyon andomaje yo vin pi solid pou move tan fiti.

Haitian Creole

- Ranbousman pou depans livrezon swen timoun, sante, sante mantal, sante konpòtman, anpwa, sèvis ki akse sou granmoun ak lòt sèvis dirèk ak kou materyèl ak founiti pèdi ouben andomaje nan Sipè Ouragan Sandy.
- Ranbousman pou depo manje, kantin ak òganizasyon ak ajans piblik pou kou ki parèt ak ogmantasyon demann pou èd alimantè pandan ak apre Sipè Ouragan Sandy.
- Sèvis swen timoun amelyore, manje/nitrisyon, sante, sante mantal, sante konpòtman, anpwa, jiridik, akse sou granmoun, kowòdinasyon volontè, jesyon ka ak lòt sèvis dirèk pou satisfè bezwen Nouyòkè ki te pran frap nan Sandy toujou genyen.
- Ekipman ak founiti ki obligatwa pou delivre sèvis amelyore nan zòn ki te viktim Sandy.
- Lòt kou sèvis sante ak sosyal kalifye ki te rive pandan Sandy ak tou bezwen etablisman yo ak lòt founisè genyen jounen jodi a.

W ap jwenn enfòmasyon sou fon disponib yo, ak yon lyen pou aplikasyon sou entènèt nan <http://nysandyhelp.ny.gov/content/sandy-social-services-block-grant-ssbg-funding>.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418